

EVALYASYON PÈFÒMANS SIPÈENTANDAN

(Adapte pou Sipèentandan Boston Public Schools)

Dokiman Referans:

[Oto-Evalyasyon AL 2022-23 Sipèentandan Skipper](#)
[Memo Oto-Evalyasyon AL 2022-2023 Sipèentandan Skipper](#)
[Domèn Enterè Sipèentandan Skipper pou AL 2022-23](#)
[Ribrik Modèl DESE](#)

Non:	Sipèentandan Mary Skipper
Dat li Konplete:	17 out 2023
Konplete pa:	Michael O'Neill, Vis Prezidan Komite Boston School
Tip Plan Edikatè a	Evalyasyon Sipèentandan, AL 2022-2023

NOTASYON YO

DEFINISYON YO

TRÈ EFIKAS (Egzanplè)	Pèfòmans la te depase atant yo lajman gras a kalite eksepsyonèl travay ki fèt nan tout domèn esansyèl responsablite yo, sa ki bay kòm rezilta yon kalite travay ki te globalman siperyè; epi swa) gen ladan akonplisman yon pi gran objektif oswa pwojè, oswa 2) te pote yon kontribisyon eksepsyonèl oswa inik nan sipò inite a, depatman an, oswa objektif distri yo. Nenpòt anplwaye ka reyalize notasyon sa a menmm si yo pa bay li souvan.
EFIKAS (Trè bon)	Pèfòmans la toujou depase atant yo tout domèn esansyèl responsablite yo, epi kalite travay la an jeneral te ekselan. Objektif anyèl yo te atenn.
AN DEVLOPMAN (Trè bon)	Pèfòmans la toujou satisfè atant yo nan tout domèn esansyèl nan responsablite yo, pafwa li petèt depase atant yo, epi kalite travay la an jeneral te trè bon. Li te atenn objektif anyèl ki pi enpòtan yo.
EFIKAS O MINIMÒM (Bezwen Amelyorasyon)	Pèfòmans la pa t toujou satisfè atant yo – pèfòmans la pa t rive satisfè atant yo nan youn oswa plis domèn esansyèl responsablite, ak/oswa youn oswa pi fò objektif ki pi enpòtan yo pa t atenn. Yon plan devlopman pwofesyonèl pou amelyore pèfòmans dwe annatach, ki gen ladan delè yo, epi ki kontwole pou mezire pwogrè.
PA EFIKAS (Pa satisfèzan)	Pèfòmans lan te toujou pi ba pase atant yo nan domèn reponsablite ki pi enpòtan yo, ak/oswa li pa t fè pwogrè rezonab pou atenn objektif esansyèl yo. Yon amelyorasyon enpòtan nesèsè nan youn oswa plizyè domèn enpòtan. Yo dwe defini epi kontwole yon plan ansanm ak delè pou korije pèfòmans lan, pou mezire pwogrè.

KRITE: Lidèchip Enstriktif

Lidè edikasyon an ankouraje aprantisaj ak kwasans tout elèv yo ak siksè tout anplwaye yo nan kiltive yon vizyon pataje ki fè ansèyman ak aprantisaj pisan vin objektif santral lekòl la.

Domèn Konsantrasyon Espesifik:

- 1-A Kourikoulòm
- 1-D Evalyasyon
- 1-E Priz Desizyon ki Fonde sou Done
- 1-F Aprantisaj Elèv 1-A Kourikoulòm
- 1-B Ansèyman
- 1- C Evalyasyon
- 1-D Evalyasyon
- 1-E Priz Desizyon ki Fonde sou Done
- 1-F Aprantisaj Elèv

Aliyman Objektif Sipèntandan an:

- Piyorize ak Akselere Pèfòmans Akademik
- Ranfòse Aksè nan Aprantisaj Sosyal-Emosyonèl
- Ogmante Responsablite alafwa pou Biwo Santral la ak pou Lekòl nou yo

NOTASYON:

	TRÈ EFIKAS
	EFIKAS
X	AN DEVLOPMAN
	EFIKAS O MINIMÒM
	PA EFIKAS

KÒMANTÈ:

Pou premye ane Sipèntandan an nan fonksyon an, mwen kontan ak aksyon mwen te wè jiska prezan epi mwen ankouraje pa travay k ap fèt la. Li klè lidèchip pedagogik se yon fòs enpòtan nan eksperyans Sipèntandan Skipper, epi sa parèt a klè nan yon kantite mezi ki te pran nan domèn sa a nan premye ane li. Aksan ki mete sou alfabetizasyon ekitab kòm yon fondasyon pou amelyorasyon enpòtan ki nesèsè nan alfabetizasyon yo enteresan, sepandan, klèman gen nesosite pou wè rezilta yo. Yo bay anpil atansyon sou plan nasyonan a kesyon kourikoulòm alfabetizasyon an nan premye ane yo epi li pral enteresan pou wè si apwòch BPS la pral fè yon diferans.

Anplis de sa, ogmantasyon nan pousantaj elèv plizyè lang k ap resevwa sèvis yo merite yo se yon pa nan bon direksyon an, menm jan ak planifikasyon pou ogmante opòtinite enklizif yo. Chak domèn ap devlope, epi travay ki vize pou konprann kompleksite defi yo nan chak domèn, ak planifikasyon pou amelyorasyon yo (ak aplikasyon rekòmandasyon ki soti nan revizyon an

pwofondè) pwomèt.

Travay sou absans kwonik la pwomèt tou epi mwen ankouraje pa amelyorasyon nan yon majorite lekòl ki te wè yon ogmantasyon nivo atansyon nan domèn sa a, espesyalman pami sou-gwoup elèv yo. Anplis de sa, travay sou sipò elèv yo pi byen konsidere tou kòm ankourajan. Finalman, travay pou ogmante opòtinite kolèj bonè ak CTE yo se yon seri pa an avan ki pozitif. Mwen prevwa plis travay pral fèt nan ane k ap vini an nan chak nan domèn sa yo, ansanm ak nan sa ki konsène òf lekòl altènatif nou yo an jeneral. Li enpòtan pou nou gen yon seri òf pou ede satisfè elèv k ap retounen yo nan bezwen akademik ak emosyonèl yo, mwen gen konfyans Sipèentandan an pral travay pou elaji travay sa a nan tan k ap vini an tou.

An gwo, pou kritè sa a, lè m konpare objektif inisyal yo ki tabli nan mwa oktòb la, oto-evalyasyon an ak obsèvasyon mwen pandan ane sa a, mwen panse yon nivo k ap Devlope pi apwopriye. Travay la te trè bon epi li te satisfè atant yo, sepandan, kòm se te travay debaz, rezilta yo pral pi byen endike si travay debaz la te efikas. Mwen kwè dapre ribrik DESE pou kritè sa a, patikilyèman nan kourikoulòm, ansèyman, egzamen ak evalyasyon, Sipèentandan an koresponn a kritè Konpetan an (ak Egzanplè pou priz desizyon ki baze sou done), avèk rezilta Aprantisaj Elèv yo ki enkoni nan pwèn sa a, sa ki mennen ankò nan yon notasyon k ap Devlope (ki se tou yon fòm Konpetan).

Kritè II: Jesyon ak Operasyon

Ankouraje aprantisaj ak kwasans tout elèv yo ak siksè tout anplwaye yo nan asire yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite, efisyen ak efikas, nan sèvi avèk resous pou aplike kourikoulòm, anboche anplwaye, ak yon orè apwopriye.

- 2-A Anviwònman
- 2-B Jesyon/Devlopman Resous Imèn
- 2-C Sistèm Enfòmasyon sou Pwogramasyon ak Jesyon
- 2-C Lwa Etik ak Politik
- 2-E Sistèm Fiskal yo

Aliyman Objektif Sipèentandan an:

- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Anplwaye yo
- Senplifye Operasyon yo epi Asire Sekirite Elèv yo

	TRÈ EFIKAS
	EFIKAS
X	AN DEVLOPMAN
	EFIKAS O MINIMÒM
	PA EFIKAS

KÒMANTÈ:

Nan yon fil kondiktè menm jan ak kritè anvan an, mwen panse travay Sipèentandan Skipper nan yon kantite domèn esansyèl ki kouvri pa kritè sa a te nan travay debaz ki fèt la, men li rete pou wè rezilta yo. Pwen esansyèl yo pou mwen gen ladan travay règleman yon kantite konsiderab kontra travay ouvè, reòganizasyon yon estrikti rejyonal atravè distri a (ke nou te wè fonksyone yon fason tèlman efikas nan rejyon East Boston/Charlestown/North End) ak travay pou angaje nan yon analiz ekstèn distri a, ke se swa pa DESE, CGCS oswa yon lòt kote epi kòmanse reyaji a rekòmandasyon ki valab yo. Yo te fè gwo travay sou sekirite elèv yo e mwen te temwen premye men yon seri entèraksyon ekselan avèk ofisyè sekirite ki ap genyen konfyans elèv yo ak anplwaye yo nan lekòl yo, menm si sekirite jeneral anplwaye yo ak elèv yo rete yon sijè preyokipasyon ki ogmante sou sante emosyonèl pandan nou kolektivman kontinye sòti nan yon pandemi ak moun ki montre siy tansyon, ki evidan nan lekòl yo ak pi lwen.

Travay sou yon Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon ak planifikasyon ki vin apre pou enstalasyon nou yo, ansanm ak amelyorasyon nan domèn transpò nou an. Travay ki fèt ane pase a pwomèt epi li an devlopman (epi amelyorasyon transpò a pandan ane a sètènman mezirab yon fason pozitif) epi mwen ankouraje paske nou ap antre nan ane lekòl k ap vini an ak amelyorasyon konsiderab nan nivo anbochaj anplwaye pou alafwa chofè bis ak monitè.

An akò avèk ribrik DESE a, travay Sipèentandan an sou Anviwònman, Jesyon ak Devlopman Resous Imèn ak Pwogramasyon ak MIS ta an devlopman (trè bon) ak travay li sou Lwa yo, Etik ak Politik yo, ansanm ak Sistèm Fiskal yo ta trè bon/Egzanplè nan analiz mwen an. Sou yon baz konbine, mwen ta konsidere yon Notasyon ki an Devlopman pi apwopriye pou Kritè sa a.

KRITÈ III: Angajman Familyal ak Kominotè

Ankouraje aprantisaj ak kwasans tout elèv yo ak siksè tout anplwaye yo atravè patenarya efikas avèk fanmi yo, òganizasyon kominotè yo, ak lòt entèvenan ki sipòte misyon lekòl la ak distri a.

- 3-A Angajman
- 3-B Pataje Responsablite
- 3-C Kominikasyon
- Enkyetid Fanmi 3-D

Aliyman Objektif Sipèentandan an:

- Devlope Pratik Otantik Angajman Familyal ak Kominotè
- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Anplwaye yo

	TRÈ EFIKAS
X	EFIKAS
	AN DEVLOPMAN
	EFIKAS O MINIMÒM
	PA EFIKAS

KÒMANTÈ:

Domèn sa a se youn nan pi gwo defi BPS. An tèm senp, mwen souvan twouve paran mwen angaje avèk yo kontan ak salklas pitit yo epi souvan lekòl yo, men yo mal pou sipòte distri a an jeneral. Anpil fwa fòs ekstèn, swa lokalman, rejyonalman oswa nasyonalman ka gen divès ajenda ki pa nesèsman alinye sou objektif rezilta elèv yo, menm avèk sa yo sipoze ki nan pi bon entansyon, epi ki ka enfluyans yon pèsèpsyon ak aksyon. Se poutèt sa li difisil pou alinye atant yo, efò ak rezilta yo nan yon fason pozitif. Mwen kontan efò Sipèentandan an nan domèn sa a. Yon pwèn enpòtan se travay pou amelyore efikasite ak vwa Konsèy Sit Lekòl la, ansanm ak liy dirèk Paran yo. Mwen te temwen premye men volonte Sipèentandan an ak dezi pou angaje nan tout aspè Distri yo, ansanm ak efò li pou pwovoke yon sans pataje responsablite ant lidèchip santral la ak lidèchip ki baze nan lekòl la. Mwen kwè efò kominikasyon an te amelyore anpil pandan ane a, avèk efò konsète pou rive jwenn fanmi yo, anplwaye yo ak elèv yo (ansanm ak BSC) lè defi yo te parèt. Mwen te wè tou Sipèentandan an enkli enkyetid ak opinyon fanmi an dirèkteman nan pwosesis pou priz desizyon li, ansanm ak kominikasyon li nan sa ki konsène desizyon sa yo, menm si li pa koresponn avèk atant oswa rezilta yo mande yo.

Kòm mwen evalye aksyon Sipèentandan an nan kritè sa pa rapò a gwo defi a nan kritè sa a, mwen kwè aksyon li yo ak travay li egal a yon trè bon evalyasyon, menm si mwen rekonèt chemen nou rete pou pakouri nan domèn sa a. Nan lavni, mwen ta ankouraje yon mantalite sèvis kliyan pa sèlman devlope atravè biwo santral ak lidèchip lekòl la, men tou, li dwe mezire atravè sondaj sou yon baz regilye, avèk rezilta enkòpore nan objektif SMART.

KRITÈ IV: Kilti Pwofesyonèl

Ankouraje siksè pou tout elèv yo nan nourri ak soutni yon kilti lekòl nan pratik meditativ, atant ki wo, ak aprantisaj kontinyèl pou anplwaye yo.

- 4-A Angajman pou Kritè ki Wo
- 4-B Konpetans Kiltirèl
- 4-C Kominikasyon
- 4-D Aprantisaj Kontinyèl

Aliyman Objektif Sipèentandan an:

- Ogmante Responsablite alafwa pou Biwo Santral la ak pou Lekòl nou yo

	TRÈ EFIKAS
	EFIKAS
X	AN DEVLOPMAN
	EFIKAS O MINIMÒM
	PA EFIKAS

KÒMANTÈ:

Kritè sa a montre tou travay solid nan kèk domèn bezwen esansyèl. Sipèentandan an te etabli yon sistèm kominikasyon ki fò sou plan entèn (ki gen ladan yon kaskad kominikasyon esansyèl nan ka evènman kle) epi li te pran mezi esansyèl pou re-angaje lidèchip biwo santral an patikilye, ak anplwaye yo an jeneral nan yon angajman pataje nan kritè ki wo. Li te demontre yon angajman klè nan aprantisaj kontinyèl, pou tèt li, ekip direksyon li an ak pi lwen epi mwen te temwen premye men angajman pi wo nivo li anvè konpetans kiltirèl nan tout aspè distri a. Travay la ap kontinye sou yon vizyon pataje ak kijan tout manm lidèchip jere konfli, epi yon konsantrasyon ogmante atravè tout distri a sou rezilta elèv yo nesèsè pou kraze baryè enkwayab ki nan nannan gwo òganizasyon etabli yo. Dènye deklarasyon sa a se yon opòtinite pou konsantre sou ane k ap vini an, ansanm ak apwofondisman relasyon yo avèk yon Komite Lekòl k ap evolue.

Mwen kwè aksyon Sipèentandan yo nan kritè sa a trè bon an jeneral, men yo toujou ap devlope, menm jan ankò, mezi kle pou ogmante rezilta elèv yo nesèsè pou montre travay la bay rezilta pozitif.

NOTASYON JENERAL (Konsidere pwogrè pou atenn objektif ak kategori pèfòmans)

	TRÈ EFIKAS (Egzanplè)
	EFIKAS (Trè Bon)
X	AN DEVLOPMAN (Trè Bon)
	EFIKAS O MINIMÒM (Bezwen Amelyorasyon)
	PA EFIKAS (pa satisfèzan)

EVAYASYON ED SÈLMAN: NOTASYON KRITÈ YO

(Metè yon 'X' nan bwat evalyasyon apwopriye a pou chak kritè)

E	P	NI	U	
	X			Kritè I: Lidèchip Enstriktif
	X			Kritè II: Jesyon ak Operasyon
	X			Kritè III: Angajman Familyal ak Kominotè
	X			Kritè IV: Kilti Pwofesyonèl

Plan Devlopman Anplwaye (EDP)

Idantifye epi dekri 2-3 domèn fòs ak 2-3 domèn pou kwasans kontinyèl ki baze sou kategori ki anwo yo, ansanm ak fason ou te rive nan zòn sa yo.

Domèn fòs	Domèn pou kwasans kontinyèl
Antanke ansyen pwofesè ak lidè lekòl la, li pa etonan Sipèentandan an eksele nan kourikoulòm ak ansèyman. Travay li isit la esansyèl ak trè ankourajan.	Li esansyèl pou kontinye devlope adezyon a yon misyon pataje, ak angajman nan kritè ki wo pou tout anplwaye yo, ke se swa nan nivo santral la oswa nan lekòl la, pou bati konfyans nan mitan fanmi nou yo ak elèv yo. Domèn sa a gen ladan ankouraje alafwa yon mantalite sèvis kliyan, ansanm ak yon konsantrasyon pataje sou rezilta elèv yo.
Antanke ansyen responsab lekòl segondè, ak sipèentandan ki gen eksperyans, travay Sipèentandan an nan devlopman yon rezo rejyonal, ansanm ak detay pratik ki nesèsè pou amelyorasyon, nan yon seri domèn, ki gen ladan relasyon travay, enfrastruktik transpò, reyinyon, elatriye yo trè pozitif.	Nan ane k ap vini an, travay enstalasyon yo pral pi enpòtan. Sa gen ladan devlope yon plan dirèktè ki koyeran ki jis, ekitab ak konpreyansib, patikilyèman pa kominote ki afekte yo. Domèn sa a gen ladan enplikasyon finansye travay sa a, espesyalman pandan n ap planifye pou fini ak ogmantasyon sipò finansye federal la.
Pran mezi sa yo pou konprann an pwofondè defi distri a konfwonte nan rapò ekstèn yo, ak travay nan plizyè domèn pou fè chanjman, pandan y ap toujou pozitif, optimis ak aksesib, se yon bagay ki louab ak ankourajan.	Travay ak yon Komite Lekòl k ap evolye, espesyalman retou nan reyinyon an pèsòn yo, pandan BSC a kontinye evolye nan direksyon yon konsèy ki konsantre sou rezilta elèv yo, ak yon konsantrasyon klè sou gouvènans, pandan y ap rekonèt valè ak enkli kontribisyon ak oryantasyon BSC nan priz desizyon Sipèentandan an.